**दिन— मंगलवार** **दिनांक—14.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देश के प्रत्येक मौसम आ जलवायु अनुकूल बनेबाक लेल आइ मिशन मौसम शुभारंभ कयलनि। ई कार्यक्रम नव दिल्लीक भारत मंडपम् मे भारतीय मौसम विभागक एक सय पचासम स्थापना दिवस पर आयोजित कयल गेल। एहि अवसर पर प्रधानंमत्री कहलनि जे मिशन मौसम एक स्थायी आ भविष्य लेल तैयार राष्ट्र के निर्माणक दिशा मे भारतक प्रतिबद्धताक प्रमाण थिक। श्री मोदी विभागक डेढ़ सय वर्षक यात्राक प्रशंसा करैत एकरा देश मे आधुनिक विज्ञान आ पौद्योगिकीक एक गौरवशाली अध्याय जनौलनि। ओ कहलनि जे मौसम विभाग लाखों भारतीय के सेवा करैत भारतक वैज्ञानिक प्रगतिक प्रतीक बनि गेल अछि। प्रधानमंत्री मौसम विभाग के डेढ़ सय वर्ष पूरा हेबा पर एक स्मारक सिक्का जारी कयलनि। ओ आइएमडी विजन— दू हजार सैंतालीस दस्तावेज सेहो जारी कयलनि। एहि मे मौसम पूर्वानुमान, मौसम प्रबंधन आ जलवायु परिवर्तनक समस्या सँ निष्पादनक योजना सम्मिलित अछि।

---

मिथिलांचल समेत संपूर्ण प्रदेश मे आइ तीला संक्रांति पारंपरिक श्रद्धाक संग मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर आइ सवेरे सँ लोक पवित्र गंगा सहित आनो नदी आ सरोवर मे आस्थाक डुबकी लगौलनि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे श्रद्धालु लोकनि पवित्र स्नानक बाद पूजा—पाठ आ दान—पुण्य कयलनि। श्रद्धालु लोकनि भगवानक सोझा तील—चाउर सेहो उसरगलनि आ धीया—पुता के बटलनि। धार्मिक मान्यताक अनुसार आइ सूर्य धनु राशि सँ मकर राशि मे प्रवेश करैत उतरायण भऽ गेल छथि। संगहि, आइ सँ खरमास सेहो समाप्त भऽ गेल। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खान आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एहि अवसर पर लोकसभ के अपन बधाई आ शुभकामना देलनि अछि।

---

ओम्हर, प्रयागराज महाकुंभ मे मकर संक्रांतिक अमृत स्नान मे साढे तीन करोड़ सँ बेसी श्रद्धालु लोकनि त्रिवेणी संगम पर पवित्र स्नान कयलनि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे श्रद्धालु लोकनि पवित्र स्नानक बाद पूजा–अर्चना आ दान–पुण्य सेहो कयलनि।

————————————————————

प्रदेशक मौसम एक बेर पुनः बदलल अछि। आइ सवेर सँ प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे कुहेस लागल रहल। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे नओ दशमलव एक डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग बांका प्रदेशक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला तीन दिन मे न्यूनतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि। एकर बाद तापमान मे कमी होयत।

————————————————————

नव दिल्लीक कर्तव्य पथ पर गंणतंत्र दिवस परेड मे आठ वर्षक बाद बिहारक झांकी सेहो प्रदर्शित होयत। सूचना आ जनसंपर्क विभागक मंत्री महेश्वर हजारी जनौलनि जे स्वर्णिम भारत–विरासत आ विकासक थीम पर बिहारक झांकी के रक्षा मंत्रालय मंजूरी देलक अछि। ओ कहलनि जे बिहारक झांकी मे प्रदेशक समृद्ध ज्ञान आ शांतिक परंपरा के प्रदर्शित कयल गेल अछि।

————————————————————

आइ सशस्त्र बल पूर्व सैनिक दिवस अछि। एहि अवसर पर दानापुर स्थित बिहार रेजीमेन्ट सेंटर मे आयोजित कार्यक्रम मे राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खान दिव्यांग पूर्व सैनिक आ वीर नारी लोकनि के सम्मानित कयलनि। एहि अवसर पर श्री खान कहलनि जे वीर सैनिकक अदम्य साहस आ शौर्यक कारणे आइ देशक सीमा सुरक्षित अछि।

————————————————————

गयाक तपोवन मे मकर संक्रातिक अवसर पर आइ सँ तीन दिवसीय तपोवन महोत्सव शुरू भेल। महोत्सवक उद्‌घाटन केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी कयलनि। महोत्सव मे कतेको सांस्कृतिक कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि।

————————————————————

उद्योग मंत्री नीतीश मिश्र कहलनि अछि जे मधुबनी मे एक नव औद्योगिक क्षेत्रक स्थापना कयल जायत। झंझारपुर मे पत्रकार लोकनि सँ गपशप मे ओ कहलनि जे राज्य मे

उद्योगक अनुकूल माहौल बनल अछि। ओ कहलनि जे मधुबनी मे औद्योगिक क्षेत्र बनला सँ मिथिलाक प्रगति सुनिश्चित होयत।

———————————————————

कृषि मंत्री मंगल पांडेय आइ पटनाक ज्ञान भवन मे ड्रोनक उपयोगिता पर आधारित प्रदर्शनीक उद्घाटन कयलनि। एहि अवसर पर श्री पांडेय कहलनि जे खेती मे ड्रोनक उपयोग किसान लोकनि लेल समृद्धिक नव दुआरि खोलि रहल अछि।

———————————————————

किशनगंज जिला आइ अपन स्थापना दिवस मना रहल अछि। एहि अवसर पर दू दिवसीय उत्सव कार्यक्रमक शुभारंभ भेल।

मधुबनी मे रहिका थाना अंतर्गत जीवक्ष चौक लऽग एक निजी फाइनेंस कंपनीक कर्मी सँ लूट के मामिला मे पुलिस तीन अभियुक्त के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————

समाप्त